

# Enfòmasyon Enpòtan sou COVID-19 ak Patisipasyon nan Rechèch

2 Out 2021

Nan AdventHealth, objektif prensipal nou anrapò ak rechèch se pwoteje sekirite patisipan ki nan rechèch nou yo.

COVID-19 vle di Kowonavirus la k ap pwopaje pamì moun nan kominate nou yo. Nou dwe ba ou enfòmasyon enpòtan sou COVID-19, epi fè ou konnen fason patisipasyon ou nan etid la ka chanje akòz risk ki anrapò ak COVID-19 yo.

Si w ap anvizaje pou antre nan yon etid nan moman sa a oswa si w ap patisipe nan yon etid aktyèlman la, li enpòtan pou ou konsidere enfòmasyon ki annapre la yo pou w detèmine si patisipasyon nan etid la bon pou ou nan moman sa a. Se ou ki pou deside si wi ou non w ap patisipe nan yon etid rechèch.

**Kijan COVID-19 pwopaje?** COVID-19 se yon virus respiratwa ki transmèt pa mwayen goutlèt respiratwa, prensipalman soti nan yon moun al nan yon lòt moun. Sa ka rive ant moun ki an kontak pwòch youn ak lòt (distans mwens ke 6 pye). Li posib tou pou yon moun kapab trape COVID-19 lè li manyen yon sifas oswa yon objè (tankou yon pwanyè pòt oswa yon sifas kontwa) ki gen virus la sou li, apresa li manyen bouch, nen oswa zye li.

**Èske yo ka prevni COVID-19?** Fason aktyèlman pou redwi risk pou an kontak ak COVID-19 gen ladan pran yon vaksen pou COVID-19 (ki disponib pou moun ki gen plis ke 12 zan) epi mete mask anplis de "distans sosyal" ki se yon pratik pou diminye possiblite pou w vin an kontak dirèk ak lòt moun ki te ka an kontak ak COVID-19, pa egzanp lè ou evite gwo rasanbleman moun oswa ou evite bay lòt moun lanmen. Li enpòtan pou w konprann paske patisipasyon nan etid la ka gen ladan anpil deplasman epi plis kontak ak lòt moun nan yon anviwònman yo bay swen klinik oswa kote y ap fè rechèch la, sa gendwa ogmante chans pou w vin an kontak ak COVID-19.

**Ki risk COVID-19 genyen?** Pou pifò moun, nouvo kowonavirus la lakòz sentòm lejè oswa modere sèlman, tankou lafyèv ak tous. Pou kèk moun, sitou granmoun aje yo ak moun ki déjà gen pwoblèm sante yo, li ka lakòz maladi ki pi grav, sa gen ladan nemoni. Nou toujou ap kontinye aprann enfòmasyon chak jou sou virus sa a.

**Kimoun ki plis an danje?** Moun ki gen plis pase 60 lane ak nenpòt moun ki soufri maladi kwonik tankou kansè, dyabèt ak maladi poumon gen pi gwo pouvantaj pou gen maladi grav lè yo gen enfeksyon an. Tanpri tcheke enfòmasyon ajou ki pi resan sou COVID-19 sou sitwèb Sant pou Kontwòl Maladi nan <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/people-with-medical-conditions.html>

# Enfòmasyon Enpòtan sou COVID-19 ak Patisipasyon nan Rechèch

**Kijan patisipasyon ou nan rechèch sa a ka chanje akòz COVID-19?** Gen plizyè fason nou eseye diminye risk yo pou ou. Si sa posib, nou limite kantite fwa ou bezwen vini nan yon sant swen klinik oswa sant rechèch. Nan divès moman pandan etid la, nou mande chak patisipan nan rechèch la si yo gen sentòm COVID-19 oswa si yo te an kontak pwòch avèk nenpòt moun ki gen oswa ki te gen COVID-19. Pandan vizit ou yo pou rechèch la, nou eseye diminye tan ou an kontak ak lòt moun nan mezi sa posib. Si yo sispèk ou pozitif pou COVID-19, ka gen chanjman dènye minit nan fason pwosedi rechèch yo fèt [tankou chanje yon vizit fas a fas pou yon apèl nan telefòn] oswa anile tès oswa pwosedi rechèch yo pou asire sekirite ou. Li menm posib pou yo sispann pwosedi rechèch ou yo tanporèman oswa kanpe yo nèt akòz COVID-19.

Tout pwosedi sekirite CDC ak Eta Florid an anrapò ak COVID-19 nan epi ak AdventHealth ap rete an plas. Sa yo ka gen ladan limite kantite moun ki nan yon sal, pratike distans sosyal lè sa posib, ak itilizasyon ekipman pwoteksyon pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) tankou mask ak gan. Nou mande pou ou pote kole pou pwoteje tèt ou ak anplwaye etid la yo. Tanpri enfòme estaf etid la si w santi ou malad avèk sentòm COVID-19 yo oswa si w te teste pozitif pou COVID-19.

Dirijan yo nan AdventHealth ap siveye risk sa yo epi deside kijan risk sa yo dwe chanje rechèch nou an. Si ou gen kesyon sou COVID-19 ak sou patisipasyon ou nan rechèch, tanpri pale avèk ekip etid ou a.

Si nenpòt lè ou santi ou malalèz avèk pwosesis rechèch la, tanpri, fè anplwaye etid la oswa doktè etid la konnen sa touswit pou yo ka pran dispozisyon ki apwopriye yo. Menm jan ak nan nenpòt pwotokòl rechèch, ou gen dwa pou anile patisipasyon ou. Si w gen nenpòt lòt enkyetid anrapò ak rechèch la, ou ka toujou kontakte Komite Revizyon Enstitisyonèl la (Institutional Review Board, IRB) nan 407-200-2677